# 3 कलामे जीव-जन्तु

0337CH03

हमरासभक चारू कात विभिन्न प्रकारक चिड़ै, कीड़ा आ जानवर सभ अछि। ओहिमेसँ किछु अकाशमे, किछु पइनमे, किछु पृथ्वी पर, आ किछु माटिक तरमे रहैत अछि।










जानवरसभक अवलोकन कएलासँ ओकर आकार-प्रकार, रङ्ग, बनाओटि, ओकर अपन पहिचानक चिह्न आ ओकरा देह परहक चेन्ह-चाक केँ चिनहएमे सहयोग भेटि सकैत अछि।अहाँ खिस्सा-पिहानिमे चर्चित आओरक अन्य माध्यम सँ ओकर सभक अलग-अलग प्रकारक घर आ निवास स्थानक अन्वेषण कऽ विभिन्न प्रकारक दृश्य अपन कल्पनाक उपयोग कऽ क कलाकृति बनएबाक आनन्द लऽ सकैत छी। तखन अहाँ एहि जानवरसभकेँ कलामे चित्रित करबाक लेल विभिन्न प्रकारक कला सामग्री आ तकनीकक उपयोग कऽ सकैत छी।

© NCERT not to be republished

## गतिविधि 1 एकटा पशु कथा बनाउ



एकटा पशु कथाक कल्पना करू आ ओकरा एतय नीचाँ देल स्थानमे बनाउ।

© NCERT not to be republished

अपन कल्पनासँ अहाँ दू वा तीनटा अनुक्रम बना सकैत छी, जाहिसँ ई देखाओल जा सकए जे पहिने की भेल, ओकर बाद की भेल आ फेर ओकर बाद एहिना आगुओ...



**निरन्तरता राखू : अपना परिवेशमे पाओल जाइबला किछु पशु, चिड़ै आ कीड़ा-मकोड़ाकेँ रेखाङ्कित करु आ रङ्ग भरु।**

© NCERT not to be republished

## गतिविधि 2 पशु आ हम

अपन समूहमे चर्चा करू जे मुखौटा (मास्क) कोना बनाओल जाएत।

**चरण 1:** कोनो एकटा जानवर चुनू।


**चरण 2:** ओकर मूँह पर रेखा, आकार आ रङ्गक अवलोकन करु।

**चरण 3:** मुखौटा पर अपन चुनल जानवरक आँखि, नाक आ कान बनाउ।

**चरण 4:** उपलब्ध सामग्री आ उपकरणसँ अपन पशुक मुखौटा बनाउ।

**शिक्षक केर टिप्पणी:**
तीन-चारि बच्चाक समूह बनाउ, आ ओकरा सभकेँ ओकर पसीन केर सामग्री दियौक। ओसब सभ समूहमे एकटा कऽ मुखौटा बना सकैत अछि।





NCERT
be republished

## गतिविधि 3 जानवरक अभिनय



अपन जानवरबला मुखौटा पहीर लिय।

- जानवर जकाँ अभिनय करु।
- जानवरे जकाँ चलू आ ओहने अवाज निकालू।
- जानवर कोना खेलाइत अछि?
- जानवर कोना बजैत अछि?

एकटा समूह गतिविधिक रूपमे, जानवरक जीवन केर एकटा दिन केर कल्पना करु आओर जानवरक एकटा खिस्सा गढ़ू।

अपन-अपन मुखौटा पहीर कऽ ओहि खिस्साक अभिनय करु ! ई गतिविधि सेहो एहि पोथीक रङ्गमञ्च इकाइ केर हिस्सा हएत।

## गतिविधि 4 पशु संवर्ग

हाथीमे अहाँकेँ कोन-कोन आकार देखाइत अछि?

_______________________

_______________________


की अहाँकेँ एहन आकार कोनो आओर जानवर मे देखाइत अछि?

_______________________


चित्रसभमे देल आकार बनाउ आओर ओकरा रङ्ग करू.पहिल चित्रक लेल एकटा उदाहरण देल गेल अछि। आब कोनो आन जानवर, कीट, सरीसृप अथवा चिड़ै केर आकार बनाउ आओर ओकरा रङ्ग करू।



**चरण 1:** अपन आँखि बन्न करू आ जानवरक शरीर केर कल्पना करू।




**चरण 2:** विभिन्न आकारक विषयमे सोचू जकर उपयोग अहाँ ओकर शरीर केर रेखाचित्र बनएबाक हेतु कऽ सकैत छी ।



**चरण 3:** जानवरक रेखाचित्र बनाउ।

**चरण 4:** ओहिमे रङ्ग भरु।





not to be republished © NCERT











© NCERT not to be republished

## गतिविधि 5 अपन पोसा (पशु)क लेल घर बनाउ

कल्पना करू जे अहाँ लग एकटा कोनो पोसा जीन अछि। ओ पानिमे, माटि पर, भूमिक निच्चाँ माटिक तरमे सभठा रहि सकैत अछि। अपन पोसा जानवरक कोनो नाम राखू। अपन प्राकृतिक परिवेश केर सामग्रीक उपयोग कऽ क एकरा लेल एकटा घर बनाउ।



**अहाँक पोसा जानवरक नाम:**

**अपन पोसाक लेल विचारल घरक रेखाचित्र निच्चाँ देल गेल जगह मे बनाउ।**

© NCERT not to be republished